



UNDHA-USUK BASA JAWA

**BASA
NGOKO**



NGOKO LUGU

Basa ngoko lugu yaiku basa ngoko sing ora kecampuran tembung-tembung krama inggil tumrape wong sing di ajak guneman.

Tuladha: ayo tuku tempe nang warunge mas hadi

NGOKO ALUS

Basa ngoko alus yaiku basa ngoko sing kecampuran tembung-tembung krama inggil tumrape wong sing di ajak guneman utawa wong sing di gunem.

Tuladha: ayo melu aku nang warunge mas hadi, aku diutus bu Dwi mundhut tempe.



BASA KRAMA



BASA KRAMA LUGU

Basa krama lugu yaiku basa krama sing tembung-tembunge lugu lan ora kecampuran tembung-tembung krama inggil tumrap wong sing diajak guneman.

Tuladha: sampeyan purun nedha sekul lodheh, Mas?

BASA KRAMA ALUS

Basa krama alus yaiku basa krama sing tembung-tembunge alus lan kecampuran tembung-tembung krama inggil tumrap wong sing diajak guneman.

Tuladha: panjenengan kersa dhahar sekul lodheh, Mas?



JENISING UKARA ANA 9 YAIKU

UKARA CARITA

Ukara carita utawa kalimat berita yaiku ukara kang isine nyritakake utawa ngandhakake sawijining bab. Utawa sawijining kedadeyan marang wong liya.

Tuladhane:

(1) Rikala aku liwat mau, ing protelon Gunungsari ana uwong kesrempet montor.

UKARA PAKON

Ukara pakon utawa ukara angnya iku wedharing gagasan wong kang guneman tumuju marang wong kang diajak guneman supaya nglakoni utawa nindakake pakaryan.



UKARA SANANTA

Ukara kang andharane mawa surasa sumedya arep tumandang, karepe jejere ukara mau nduwe karep arep tumandang utawa niat tumandhang dhewe. Mesti bae ukara iki durung kelakon utawa durung katindakake jalaran isih niat.

Tuladhane:

Mengko aku dakngitung dhuwitku dhisik.

UKARA TANDANG

Ukara kang andharane darbe surasa sumedya kareben kelakon, karepe jejere ukara nganggep perlu panindak ing pakaryan, tumrap ing liyan.

Tuladhane:

(1) Buku kuwi dakjupuke!

(2) Rini wis dakkabari, aku arep dolan mrana.



UKARA PANGAJAK

Ukara pangajak iku padha bae karo ukara pakon, ukara sananta, utawa ukara tandang, mung kang diprintahake diajak bebarengan tumindah.

Tuladhane:

(1) Yun, ayo padha dolan-dolan neng Gresik, yo!

UKARA SAMBAWA

Ukara kang isine awujud pangarep-arep, saupama, utawa sanadyan kang mratelakake prakaryan mau durung kelakon.

Tuladhane:

(1) Muga-muga enggal kaparingana momongan!

(2) Mrenea wiwit mau kowe ora bakal keluwen.



UKARA PRAJANJI UTAWA PASARUJUK

Ukara prajangi gunane mesti bae kanggo prajangi marang wong kang diajak guneman supaya ing besukke nglakoni apa kang kaprajanjekake. Ukara prajangi gunane mesti bae kanggo prajangi marang wong kang diajak guneman supaya ing besukke nglakoni apa kang kaprajanjekake.

Tuladhane:

(1) Angger manut karo pituturku, njaluka apa bae keturutan!



UKARA UPAMA

Ukara upama iku meh padha karo ukara prajangi, nanging yen ing ukara upama tangeh bisane dadi kasunyatan apa kang kawedharaken.

Tuladhane:

(1) Akonana luputmu, kowe mesthi oleh pangapura!

UKARA PITAKON

Ukara kang wedharing gagasan kepingin angerti apa kang durung diweruhi. Titikane nggunakake tembung pitakon.

Tuladhane:

(1) Kowe nggawa apa?